



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON SYÈJ SOSYAL LIG IBEN NASYONAL
242 MILYON DOLA A NAN HARLEM**

Nouvo syèj sosyal la tounen avèk òganizasyon an nan katye li te fonde a

Pwojè Sant Otonomizasyon Lig Iben an gen ladan premye mize New York la ki devwe pou dwa sivil, plis espas biwo pi ba mache a pou gwoup kominotè ak òganizasyon sivik yo

*Sit la pral gen ladan 170 inite lojman abòdab ki pral konstwi avèk sipò
Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a inogirasyon nouvo syèj sosyal Lig Iben Nasyonal (National Urban League) la nan Harlem, kote òganizasyon an te premye etabli plis pase yon syèk de sa. Sant Otonomizasyon Lig Iben (Urban League Empowerment Center) an, nan 125th Street ant Adam Clayton Powell, Jr. Boulevard ak Lenox Avenue, pral fè pati Eksperyans Mize sou Dwa Sivil Iben an ak Enstisti Lig Iben Nasyonal pou Kous la, Ekite ak Jistis, plis lojman abòdab, espas biwo ak espas pou vant an detay.

"Pandan plis pase yon syèk, Lig Iben Nasyonal la te jwe yon wòl enpòtan nan sipòte pwogrè Ameriken Nwa yo ak lòt gwoup ki istorikman mal reprezante nan Eta New York ak nan tout Amerik la, epi te espesyalman enpòtan nan ede piki ale nan bra yo pandan eta a ap elaji efò vaksinasyon li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a ilistre misyon Lig la ki te kòmanse plis pase yon syèk de sa nan menm katye Harlem nan, nan ofri sipò kominotè ak edikasyon atravè lojman abòdab, espas biwo bon mache, ak premye mize eta a ki dedye ak istwa dwa sivil. Piske defi ak batay yo ki antoure batay pou dwa egal yo kontinye jodi a, nouvo syèj sosyal sa a ankò pi enpòtan epi mwen fyè ke se nan New York y ap konstwi li."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Lig Nasyon Iben lan (National Urban League) Marc H. Morial te deklare, "Se nan Vil New York nou fèt, epi mwen fyè ke Vil New York se kote nou pral rete. Mwen ankò pi kontan toujou konsènan devlopman ekonomik katye a ke nouvo kay nou an reprezante. Avèk espas biwo abòdab pou òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi yo tankou One Hundred Black Men of New York, United Negro College Fund New York, ak Jazzmobile nan Harlem, Sant Otonomizasyon an se pral yo sant ak katalizè pou antrepriz, kreyativite, aktivis ak defans".

Nan kad pwojè 242 milyon dola a, Lig Iben Nasyonal la pral bati yon syèj sosyal nasyonal apeprè 42,000 pye kare nan menm katye kote Ruth Standish Baldwin ak Doktè George Edmund Haynes te fonde li nan ane 1910. Sit la pral loje tou Enstiti Lig Iben Nasyonal pou Kous 19,500 pye kare a, sant konferans Ekite ak Jistis, ak Eksperyans Mize sou Dwa Sivil Iben apeprè 21,500 pye kare a-premye mize New York sou dwa sivil pou pataje ak ilistre istwa defans dwa sivil nan nò.

Pou abòde nesosite vital pou lojman abòdab la, pwojè a gen ladan plis pase 170 inite rezidansyèl abòdab pou fanmi ki touche ant 30 pousan ak 80 pousan Revni Mwayen Zòn lan, epi gen ladan lojman sipò pou jèn granmoun ki gen laj pou kite fanmi dakèy. Sibvansyon nan sèvis ak lokasyon pou inite sipò yo pral jwenn finansman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè (Empire State Supportive Housing Initiative) a epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York k ap administre li. Founisè sèvis sipò a se New York Foundling.

Anplis de sa, pwojè a pral gen ladan espas biwo anba to mache pou gwoup ki pa gen bi fè pwofi yo ki gen ladan chapit 100 Black Men of America New York la, United Negro College Fund ak Jazzmobile ki baze nan Harlem. Vant an detay ak biwo Klas A adisyonèl yo pral envite lokatè alavni ki ofri travay ak resous pou katye a. Pati vant an detay la se Trader Joe's ak Target ki pral fikse li. Pwojè a se rezilta Demann pou Pwopozisyon ke Empire State Development ak New York City Economic Development Corporation te pibliye anvan, pou chèche reyamenaje yon teren ki prèske pa te itilize ki sitiye nan 121 West 125th Street, ant Adam Clayton Powell, Jr. Boulevard akd Lenox Avenue/Malcolm X Boulevard.

Pwojè Lib Iben Nasyonal la se Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ki finanse li epi jwenn sibvansyon nan men Empire State Development. Lòt patnè yo gen ladan New York City Economic Development Corporation, BRP Companies, L+M Development Partners, Taconic Investment Partners, Goldman Sachs Urban Investment Group, Dabar Development Partners, Upper Manhattan Empowerment Zone, Harlem Community Development Corporation, ak Prusik Group.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonme pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Inogirasyon pwojè Sant Otonomizasyon Lig Iben an nan katye kote Lig Iben Nasyonal la te fonde a se yon gwo etap nan selebre reyisit òganizasyon dwa sivil enpòtan enpòtan sa a. Sant sa a pral bay plis vitalite ekonomik ak kiltirèl pou kominote a, epi Empire State Development fyè de wòl li ki se sipòte pwojè istorik sa a".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo nan Eta New York, te deklare, "Kòmansman konstriksyon Sant Otonomizasyon Lig Iben 242 milyon dola a reprezante devouman New York pou kontinye batay pou ekite, lojman san patipri ak jistis sosyal pandan n ap onore eritaj mouvman Dwa Sivil yo. Sitiye nan

kè katye istorik Harlem nan, devlopman an pral ofri 170 lojman abòdab endispansab pou Nouyòkè yo, sa gen ladan apatman sipò pou jèn granmoun yo k ap kite fanmi dakèy. Nou fyè dèske nou fè pati devlopman istorik sa a ki pral benefisye kominote a pou plizyè jenerasyon alavni".

Rachel Loeb, Prezidan Pwovizwa Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York la, te deklare, "Inogirasyon jodi a se yon gwo etap pou Harlem. Nan kreye yon nouvo kay pèmanan pou Lig Iben Nasyonal la, premye Mize sou Dwa Sivil New York, plis lojman abòdab, vant an detay, espas adisyonèl pou gwoup kominotè yo, ak nouvo travay, n ap konstwi yon lavni ki pi djanm pou tout Nouyòkè yo. Nou fyè dèske nou te jwe yon wòl nan pèmèt pwojè transfòmasyonèl sa a rive reyalize".

Pwojè sa a ranfòse angajman Gouvènè Cuomo pran pou l ofri tout Nouyòkè yo aksè a lojman sekiritè, abòdab, jan sa refilete nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senkan Eta genyen an. Plan an ap rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri an lè y'ap konstwi epi prezève 100,000 kay lojman ki a pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 lojman pou bay sipò. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

Manm Kongrè, Adriano Espaillat, te deklare, "Kenbe Lig Nasyonal Iben an nan Harlem pandan l ap kontinye misyon li pou ranfòse ak vitalize katye iben yo gen anpil enpòtans pou mwen ak elektè m ap sèvi yo. Sant Otonomizasyon Lig Iben an pral yon pati enpòtan nan kominote Harlem nan kòm yon sant kiltirèl ki pral selebre istwa mouvman dwa sivil ak kilti Nwa a - pandan l ap mete aksan sou akonplisman nou yo ak gwo kontribisyon nou kontinye fè nan vil nou an, eta a ak alantou nasyon an. Mwen fyè dèske mwen fè pati etap enpòtan istorik sa a epi pa ka tann pou wè lavni Sant lan".

Onorab Charles Rangel te deklare, "Etap enpòtan jodi a se yon selebrasyon travay ke Lig Iben Nasyonal la te fè pandan plis pase 100 ane pou pwoteje dwa nwa yo ak kominote iben defavorize yo nan peyi a epi mwen pa ta ka pi kontan kontinye rele Harlem lakay òganizasyon enpòtan sa a. Pa te janm gen yon pi gwo nesosite pou investi nan sant iben nou yo, espesyalman sila yo te tradisyonèlman kite dèyè yo epi Sant Otonomizasyon Lig Iben an se yo gwo etap nan asire nou kontinye investi yon fason ekitab nan kominote yo tradisyonèlman bliye yo".

Senatè Brian Benjamin te deklare, "Nouvo Syèj Sosyal Lig Iben an pral yon reyalyasyon ki fè Eta New York fyè. Li pral bay espas pou gwoup kominotè yo, lojman abòdab ak magazen vant an detay - men pi enpòtan toujou li ba nou tout yon mize san parèy kote nou kapab sonje avèk respè batay dwa sivil yo ak selebre viktwa enpòtan yo".

Manm Asanble Inez Dickens te deklare, "Pandan syèk pase a, Lig Iben Nasyonal la te sèvi kòm yon flanbo ki te sipòte prensip jistis sosyal ak ekonomik yo. Pwojè sa a se yon faktè ki chanje jwèt la. Li pral bay kominote a opsyon pou lojman abòdab, sipò pou

travay ak bèl espas pou vant an detay pandan l ap an menm tan onore istwa ak eritaj Ameriken Nwa yo. Felisitasyon pou tout moun ki patisipe nan efò fòmèdab sa a".

Doktè Hazel Dukes, Prezidan, NAACP New York State Conference, te deklare, "Lig Iben Nasyonal la se te avangad mouvman dwa sivil yo pou plis pase 100 ane epi te fè gwo investisman nan sant iben nou yo pou pèmèt kominote nou yo avanse. Apre plizyè ane ap travay ak lidè kominote, responsab eli ak defansè yo, mwen kontan ke syèj sosyal Lig Iben Nasyonal la prale nan Harlem, sa ki non sèlman pral ede revitalize Harlem, men tou pral ede sipòte ak sèvi 90 afilye Lig Iben òganizasyon an ak apeprè 2 milyon moun nan peyi a".

Meredith Marshall, Ko-Fondatè ak Patnè Direktris devlopè BRP Companies, te deklare, "Inogirasyon an rapwoche nou yon pa pi pre achèvmman pwojè istorik ak transfòmasyon sa a. Kòm yon antrepriz devlopman ki divès, nou espesyalman investi nan achèvmman gwo pwojè sa a pou kominote Harlem nan. Okenn nan sa a pa t ap posib san patenarya Eta a, patenarya Vil la, Goldman Sachs Urban Investment Group, L+M Development Partners, Taconic Partners, The Prusik Group, Dabar Development Partners, ak National Urban League."

Margaret Anadu, Responsab Entènasyonal Dirabilite ak Enpak pou Jesyon Resous nan Goldman Sachs, te deklare, "Atenn gwo etap sa a se yon lòt pa nan kreye plis opòtinite ak fè dwa sivil avanse nan vil nou an. Nou pa ka tann pou travay ansanm ak National Urban League, BRP Companies, Dabar Development Partners, L+M Development Partners, Taconic Partners ak lòt lidè kominote yo pou pote plis lojman abòdab, espas kiltirèl istorik ak opòtinite travay nan Harlem".

Blair Duncan, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Upper Manhattan Empowerment Zone Development Corporation, te deklare, "Retou Syèj Sosyal Lig Iben Nasyonal la nan Harlem—ansanm ak mize eksperyans sou dwa sivil li a, lojman abòdab, biwo pou vant an detay ak komèsyal li yo—pote yon ajou dinamik nan koridò 125th Street la. Patenarya piblik-prive a espesyalman anrichisan pou kominote Harlem nan pandan moman ekonomik ensèten sa yo, epi UMEZ (Upper Manhattan Empowerment Zone) fyè pou li fè pati ekip fondatè pwojè transfòmasyonèl sa a".

Robin Bell-Stevens, Direktè Jazzmobile, te deklare, "Ouvèti Sant Lig Iben Nasyonal la monimantal pou Harlem, vil ak Eta New York epi sètènman pou nasyon an! Pandan n ap selebre 56yèm anivèsè nou an, Jazzmobile onore dèske yo te chwazi li pou vini ak biwo li yo nan NULC. Deplasman sa a pral pèmèt nou ogmante kapasite nou, epi nou pa ka tann tou pou prezante pwogram inovatè nan Sant lan".

Michael J. Garner, Prezidan, Konsèy Administrasyon, One Hundred Black Men, Vil New York, te deklare, "Chapit Fondatè One Hundred Black Men Vil New York ap tann avèk enpasyans konstriksyon nouvo syèj sosyal antrepriz la nan koridò 125th nan Harlem. Nou kontan anpil dèske nou pral pataje bilding istorik sa a avèk Lig Iben Nasyonal la epi nou ta renmen pèsònèlman remèsye Gouvènè Andrew Cuomo, Manm

Asanble Eta New York Inez E. Dickens ak Senatè Eta New York Brian Benjamin, pou angajman inebranlab yo ak finansman pwojè istorik sa a".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)